



# Social Security

Ou Ka Pètèt Elijib Pou  
Resevwa Revni Sekirite  
Siplementè (SSI)

2012



The background of the page features a stylized graphic of the American flag. It consists of numerous curved, overlapping bands in shades of blue, white, and red. Small white stars are scattered across the design, some on the bands and others in the spaces between them. The overall effect is dynamic and modern.

www.socialsecurity.gov

# Ou Ka Pètèt Elijib Pou Resevwa Revni Sekirite Siplemantè (SSI)

## Kisa yo rele SSI?

Revni Sekirite Anplis [Supplemental Security Income (SSI)] se yon pwogram federal ki bay peman chak mwa pou moun ki pa touche ase revni epitou ki gen yon ti kantite resous. SSI se pou granmoun aje yo, ak pou moun nenpòt laj ki avèg oswa ki andikape, tankou timoun.

Pou ou ka resevwa SSI, ou dwe:

- Gen 65 lane oswa plis;
- Avèg nèt oswa a mwatye avèg; oswa
- Gen pwoblèm medical ki anpeche ou travay epi ki ka dire omwen yon lane oswa ki ka koze lanmò ou.

Règ yo diferan pou timoun. Pou ou ka gen plis enfòmasyon mande piblikasyon, *Benefits Pou Timoun Ki Malad/Enfim* (Piblikasyon No. 05-10026-HC).

## Koonbyen lajan ou ka resevwa?

Kantite nòmal SSI peye pa mwa pou ane 2012 la se menm jan pou tout etazini an. Li se:

— \$698 pou yon moun; oswa

— \$1,048 pou de moun ki maye.

Tout moun pa resevwa menm kantite lajan an. Ou ka resevwa plis lajan si w ap viv nan yon eta ki mete lajan nan peman federal SSI a. Ou ka resevwa mwens lajan si oumenm oswa fanmi ou gen lòt revni. Kote w ap viv la epi avèk moun w ap viv la fè yon diferans tou nan kantite lajan peman SSI a.

## Kòman pou ou kalifye pou SSI?

### Lajan ou fè

Nan lajan ou fè ak lajan ou touche, benefis Sekirite Sosyal ou, pansyon ou ak valè bagay lòt moun ba ou, tankou manje, rad, ak kay.

Kote ou rete afekte kantite lajan ou ka resevwa chak mwa men ou ka toujou resevwa SSI. Chak eta gen règ pa yo.

### Bagay ou posede

Ou kapab resevwa SSI si resous ou yo (byen ou posede) vo pa plis pase \$2,000 pou yon moun oswa \$3,000 pou yon koup. Nou pa konte tout sa w posede lè n ap deside si ou kapab resevwa SSI. Pa egzanp, nou pa konte yon kay ou posede si w ap viv ladan, epi anjeneral nou pa konte vwati ou. Nou pa konte lajan kach, kont labank, aksyon, ak obligasyon.

## Ou dwe yon rezidan Etazini

Ou dwe ap viv Ozetazini oswa nan Northern Mariana Islands (Nò Zile Maryana) pou resevwa SSI. Si ou pa yon sitwayen ameriken, men w ap viv legalman Ozetazini, ou toujou ka resevwa SSI. Pou jwenn plis enfòmasyon, mande *Supplemental Security Income (SSI) For Non-citizens [Revni Sekirite Anplis (SSI) pou Moun ki pa Sitwayen Ameriken]* (Piblikasyon Nimewo 05-11051).

## Lòt benefis

Pou ou resevwa SSI, ou dwe aplike tou pou nenpòt lòt benefis lajan kach ou ka resevwa. Si ou resevwa SSI, dabitid ou ka resevwa koupon pou manje tou ak Medicaid. Medicaid ede ou peye doktè ak bòdwo lopital epi koupon pou manje yo ede ou peye pou manje.

## Kòman pou ou aplike pou SSI?

Antre an kontak ak nou pou ou pran yon randevou pou aplike pou SSI nan biwo Sekirite Sosyal ki nan zòn ou a.

## Kontakte Sekirite Sosyal

Pou jwenn plis enfòmasyon ak kopi piblikasyon nou yo, ale nan sou Entènèt nan sitwèb nou an [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov), oswa rele gratis nan nimewo **1-800-772-1213** (pou moun ki soud oswa ki mal pou tandé, rele nan nimewo TTY nou, **1-800-325-0778**). Nou trete tout apèl yo an sekrè. Si ou pale lang Panyòl, peze 2. Pou tout lòt lang yo, peze 1, rete sou liy lan, epi rete an silans pandan w ap tandé yon vwa k ap ba ou enstriksyon otomatik jouk lè yon anplwaye reponn. Anplwaye a ap kontakte yon entèprèt pou ede li avèk apèl ou a. Sèvis entèprèt la disponib pou gratis. Nou ka reponn kesyon espesifik yo ant 7 a.m. ak 7 p.m., lendi jiska vandredi. Nou kapab bay enfòmasyon nan lang Angle yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Nou vle asire nou tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a ke genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.



**Social Security Administration**  
SSA Publication No. 05-11069-HC  
You May Be Able To Get Supplemental  
Security Income (SSI) (Haitian-Creole)  
January 2012